

# Literati, kilti lekriti epi koyerans nan aksyon

Samuel Pierre

Si gen yon bagay ki kab fè moun sezi an Ayiti, se kapasite nan pwodiksyon literè ki fèt nan lang franse a, nan yon peyi kote alfabetizasyon an toujou rete yon pwoblèm, epi kote se yon ti ponyen moun tou piti nan lelit la ki metrize lang franse a. Depi nan kreyasyon Ayiti, literati peyi a, nan lang franse, te founi anpil gran ekriyen. Genyen ladan yo ki te kite mak yo nan peyi etranje. Nou kab nonmen Oswald Durand, Etzer Vilaire, Jean F. Briere, Jean-Price Mars, Anténor Firmin, Jacques Roumain, Jacques Stéphen Alexis epi - pami sila yo ki ap viv toujou - René Dépestre, Frankétienne, Dany Laferrière, Yannick Lahens, Kettly Mars, Lyonel Trouillot, Gary Victor. Ekriyen nonmen la yo, ak anpil lòt ankò, se yon bann ekriyen ki genyen anpil talan. Gras ak zèv yo, non yo parèt nan literati inivèsèl la epi yo fè onè peyi a. Ak antre Dany Laferrière nan Akademi fransè a, lonè peyi a, sou plan literè, rive nan pi wo degre li. Literati Ayiti nan lang kreyòl la, limenm tou, va genyen moman laglwa pa li avèk prezans pi plis ekriyen, ki va fè valè li ak bon jan zèv ki gen nen nan figi yo.

Kòtakòt ak bèl literati sa a, ki demontre kreyativite wòdpòte pèp ayisyen an epi richès imajinasyon li, genyen yon sosyete ki tabli yon relasyon depaman (eskizofrenik) avèk sa ki ekri epi lapanse fòmèl. Reyalyte sa a parèt malerezman nan tout kouch nan sosyete a, kèlkeswa fonksyon moun yo epi wòl yo, anndan sosyete a, pandan yo ap viv la. Anfèt, toujou genyen yon dezakò sou plan lapanse, sou plan emosyonèl ansanm ak nan relasyon nou avèk anviwonman nou ki parèt nan fason nou aji chak jou, ansanm ak nan pawòl ki sòti nan bouch nou. Nou ekri yon fason, men, depi nou rive nan pozisyon pou nou aji, nou aji yon lòt fason. Nou rele anmwe kont yon sityasyon dapre kèk gran prensip epi, lè moman an rive pou nou pran desizyon, nou fè lekòtrè tout sa nou te konn ap di epi defann yo. Yo ban nou responsablite pou nou fè lwa epi tabli règleman pou fonksyonman sosyal; nou se premye moun ki ap mande pou sispenn lwa yo, lè lwa sa yo ak règleman yo pa fè zafè nou. Nou siyen konvansyon ak antant, epi nou se premye moun ki vyole yo lè nou fin siyen yo. Nou mete soupye règ kondwit nan yon òganizasyon, epi nou mete yo akote kou nou fin fè yo pou nou kab rantrè nan abitrè, anachi ak enpwovizasyon. Se kòm si tout abitud nou genyen ak sa

ki ekri, se pou nou pwodui tèks ki ap rete nan kategori fiksyon epi ki pa fèt pou reglemante konpòtman nou nan fanmi nou, nan sosyete a, nan òganizasyon epi anndan Leta. Se kòm si, nosyon koyerans ant sa ki ekri oubyen dizon moun yo ansanm ak aksyon yo nan lavi chak jou yo pa ekziste.

Pwoblèm sa a ban nou kè sote, paske premye aboutisman tout sa yon moun panse se pou enspire li epi gide aksyon li yo. Si dezakò ki genyen ant lapanse epi laksyon, ant sa ki ekri epi ajisman moun yo, vin sistematik epi jeneralize, kouman pou nou fè kreye nòm sosyal pou reglemante lavi nan sosyete a? Kouman pou nou rive bati yon sosyete demokratik, kant aplikasyon lwa yo ak règleman yo rete konekte ak enterè pèsònèl moun ki ap mande pou vyole yo a?

Gen moun ki ta vle kwè kalite konpòtman sa a, se pou fanm kou gason, ki nan domèn politik. Si se te konsa, sa pa ta pi mal. Yon moun ta senpman kanpe lwen koze politik. Men non! Sa pa senp konsa. Nan tout espas lavi nasyonal la epi nan tout kouch sosyal peyi a, konpòtman depaman ant laksyon epi lapanse a ap layite kò li. Nou ka menm di, se yon enkoyeans yo konfonn trè souvan ak yon fòm mawonaj; dapre kalite konpòtman sa a, dwe genyen yon distans ant sa nou ekri oubyen sa nou di epi aksyon nou. Sa ki rete klè, sityasyon sa a simen dout sou edikasyon nan peyi a fas ak prensipal aboutisman li, ki ta dwe premye kalite li. Alaverite, wòl sistèm edikasyon an se prepare pitit peyi a, yon fason pou yo kab viv nan yon sistèm sosyal kote yo dwe respekte règleman (nòm) ki etabli epi tout moun aprann lekòl. Si pou yo aprann tout règleman sa yo epi pou yo vyole yo nan lavi chak jou yo, se kòm si nou ap lave men siye atè. Konsa, ledikasyon nan peyi a, se deja yon echèk. Nou nan yon peryòd, kote yo ap travay pou yo refè korikoulòm lekòl an Ayiti, koyeans ant lapanse epi laksyon nan mitan tout pitit peyi a ta dwe yonn nan prensipal objektif pou Leta ta vize; si yo vle fòmè bonjan Ayisyen, total-kapital (otantik), sensè, koyeran, serye, responsab, ki respekte, jouk nan fon nannan yo, lalwa ak règleman, menm lè aplikasyon lwa ak règleman sa yo an dezakò ak pwòp enterè pèsònèl yo. Se la, vrè defi sistèm edikasyon ayisyen an chita, sa vle di: prepare pitit peyi a pou yon sosyete ki vle vin yon sosyete demokratik. ■